## Jesu anogamuchirwa muJerusarema



**“Akaropafadzwa uyo anouya muzita raIshe! Hosana kumusoro-soro!”**
**MATEO 21:9**

**40-52 Palm Sunday**

*www.GodsPeopleCare.org*
*Bible Verses are Shona*

**Jesu anogamuchirwa muJerusarema**

MATEO 21:1-11

Vakati voswedera kuJerusarema uye
vasvika muBhetifage pagomo reMiorivhi,
Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2achiti
kwavari, “Endai kumusha wamakatarisana
nawo uye imomo muchaona mbongoro
yakasungirirwa pamwe chete nomwana
wayo. Mudzisunungure muuye nadzo
kwandiri.

3Kana pano munhu anotaura chinhu
kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida
uye achadzidzosa nokukurumidza.”
4Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa
kubudikidza nomuprofita achiti:
5“Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira,
Mambo wako anouya kwauri, ari munyoro,
akatasva mbongoro, ari pamusoro
pomwana wembongoro.’”

6Vadzidzi vakaenda vakandoita
sezvavakanga varayirwa naJesu. 7Vakauya
nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo
dzavo pamusoro padzo, uye Jesu akagara
pamusoro padzo.

8Vanhu vazhinji vakawarira nguo dzavo
mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi
emiti vakaawarira mumugwagwa. 9Vazhinji
vakanga vakatungamira mberi navaya
vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti:

“Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!”
“Akaropafadzwa uyo anouya muzita raIshe!”
“Hosana kumusoro-soro!”

10Jesu akati apinda muJerusarema, guta
rose rakazungunuswa, vakabvunza vachiti,
“Ndianiko uyu?”

11Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofita
anobva kuNazareta kuGarirea.”



“Akaropafadzwa uyo anouya muzita raIshe!”
“Hosana kumusoro-soro!”
MATEO 21:9